

### **Waxtaan Ak Nassou Adama Diarra**

NAAMDAL: Ba laa ñuy tàmbali rekk, je voudrais quand même, expliquer la ci li ñuy gëstu parce que loolu lu am solo la ba laa ngay nekk à l'aise xam ci li ngay dugg ba laa, ñu expliquer la dans les détails li ñuy def. Je suppose que vous parlez français aussi ?

DIARRA: tuuti rekk.

NAAMDAL: Ah, kon may, parce que man sama wolof bi dafa xaw a ...

DIARRA: waa loo wax dinaa la dégg.

NAAMDAL: Ěeh, ñun dañuy gëstu ci histoire ak communauté Bamana, Bamana bi fi sanc

DIARRA: iih !

NAAMDAL: Mais dañu gis ne aussi bi nu ñewee ay XIX<sup>ème</sup> siècle mbay lu am solo la woon si seen i histoires boobu. Te loolu, dafa mel ni réerul carrément parce que am lu ñu, nit ñi fàtte nañu ko mais am na yoo xam ne des na. Am na genre transmission yoo xam ne am na be tax loolu bat ay des na. Donc, histoire boob ulu am solo la parce que ça s'est passé surtout ay XIX<sup>ème</sup> siècle début XX<sup>ème</sup> siècle. Donc, loolu lu am solo la si histoire bu Sain-Louis te dafa mel ni histoire bu Senegaal def leen xaw a fàtte. Donc, léegi dañu xalaat rekk ak d'autres partenaires parce que ay mouvements yu bari la woon si àddina si. Donc dañuy, dañuy liggéey si jéem a ramener histoire boobu dans le cadre d'une exposition. Exposition boo xam ne dañu bëgg mu voyager pour gën a yee nit ñi. Eduquer génération yi, générations yu bees yi ñu won leen seen jaar-jaar ak li ñu am apporter si culture moderne bu Saint-Louis ak feneen ak feneen parce que mouvement bu vaste la woon. Donc exposition bi ñung koy, jotagul sax gaa mais dañu nekk si période boo xam ne dañuy, dañuy collecter ay informations, collecter ay archives, waxtaan ak, waxtaan ak nit ñu bari ñoo xam ne yaakaar nañ ne mën nañ ñu jox as tuut si histoire boobu. Donc, exposition bi normalement 2027 la war a tàmbali. Dina, Washington lay tàmbalee, après ñew Dakar, dem Afrique du sud, ěh dem Liverpool, te dañu seetlu ne mag yu bari dañu nekk di dem ak seen i xam-xam. Ñoo xam ne jot nañu xam dara ci histoire boobu. Donc, lii, archives yi dafa loo xam ne lu am solo la, loo xam ne mën nañ ko utiliserpour continuer di fàttali histoire boobu, di ko jàngale mu gën a law, xale yi xam fu ñu jóge. Donc, lool daal, pour gàttal, mooy, mooy si li ñiy liggéey. Ba laa ñuy commencer nag, yaw ñu laaj la ndax d'accord nga ñu enregistrer, nu mu, nu mu toll rekk, loo si xam rekk, boo ko mēnee partager ak ñun. Muy loo xam ne dañ koy denc ba si 100 ans, 1000 ans, sa sētu sētaatu sēt sax bu ñu ñewee war nañu mën a xool li nga jotoon a xam si loolu. Loo xam ne

mën nga ñu ko transmettre comme ça ñu denc ko si archives te mën ko utiliser aussi pour éduquer, jàngal nit ñi jaar-jaaru ñu bari ñoo xam ne dañ leen fàtte si histoire. Ndax nangu nga ñu enregistrer ?

DIARRA: Li ngeen may laaj, kooku dana jafe ma wax si tuuti de ndax am na lu bare xawuma ko si. Sama pàppa daal fii lañ nekkoon. Sunu ay goro yépp a ngi fi woon daal mais man juddóowuma fii màggeewuma ci biir dëkk bi. Sama pàppa gendarme la woon xam duñ fi nekk daal, dañuy dem rekk. Originaires de Goudiri, sama pàppa mu ngi fi, suñu kër gu mag a nga fee ak sama ay kër goro yépp a ngi fi. Am na ay histoires yu ñu paa yi doon wax lool luñ mën a dégg mais am na loo xam ne lu bëri xamuñu ko ci. Am na ñu ko gën a xam, ci biir dëkk bi, ñu ko gën a xam lan moo fi nekk ak lu fi nekkoon. Am na lu ma ci xam gaa.

NAAMDAL: Loo ci xam rekk baax na, foo mën a yem rekk, amul problème. Kon baax na, mën nañ enregistrer

DIARRA: est ce que loolu dina leen doy, li ma leen di wax

NAAMDAL: Loo si xam rekk. Wallaay xeebuñu dara.

DIARRA : bu fekkenta ne walla ma boole leen koo xam ne xam na ci bu baax

NAAMDAL: Après mën nga ñu boole mais nu mu toll rekk baax na, amul problème, loolu du dara. Foo mën a yem rekk

DIARRA: waa aywa, bon bismilaah

NAAMDAL: Jërëjëf !

DIARRA: man dama fi sëy si, sama pàppa fii la dëkk, dama fi sëy si nag, waa, ça fait léegi 30 ans maa ngi fi, mais nag

NAAMDAL: Loolu kay maa cha Allah, ah ha, ha, haa merci. Léegi, pour tàmbali boo ñu, dañuy commencer toujours wax la nga présenter wu sa tur, sa sant, sa âge, sa profession. Après nag, boo ñu mēnee wax sa waajur, waajur wu góor be fi nga mon a yem. Kan mooy sa pàppa, kan moo jur sa pàppa ba fi nga mon a yem. Après boo paree boobu, nga jël sa yaay, genre généalogie, ki jur sa yaay. Nu ñu def be yegsi be Saint-Louis, d'accord ? Donc boo muneen commencer si loolu. D'abord, nga presenter wu, après sa pàppa, après sa yaay, say waajur wu góor ak waajur wu jigéen.

DIARRA: man maa ngi tudd, Ndasu Aadama Jara. Am naa léegi, maa ngi bëgg a am 65 ans. Maa ngi juddoo fiisi Ndar Jolofeen. Sama pàppa gendarme la woon ñu koy wax Ceemaa Jara. Mu jógee Gudiri, ñëw defsi services Saint-Louis. Man fii laa juddoo Saint-Louis depuis 1956. Bi ma, man nag infirmière laa de profession. Je suis une infirmière à la retraite. Maa ngi retraitée 2016. Maa ngi nekkoon fii hopital de Saint-Louis. Ourossogui laa jëkk liggéey, jëkk a jële services nag ma pare formation, Ourossogui laa jëkk a jële services après mais dama dellusi waat, biñ ma affecter waat parce que sama borom kër fii la nekkoon. Ma nekkoon hopital régional de Saint-Louis. Def naa fa services yu bare foofu nag, services yu bare yóbbu nañ ma fa nag : def naa chirurgie, réanimation, maternité, médecine, contagieux, services yu bare def naa ko fa nag. Maa ngi retraitée médecine<sup>1</sup>. Sama pàppa mu ngi juddoo Gudiri, mais Mali, malien la daal ñoom suñu, suñu, suñu cosaan, Segu la, mais ñoom ñu ngi juddoo Gudiri ndax pàppaam moo doon chef de gare bu Gudiri. Xam naa xay na train bi moo ko fa indi woon. Train Sénégal-Niger bi fi nekkoon bu njëkk moo ko fi indi woon ba .... Moom mu ngi tudd, pàppaam mu ngi tudd kōofa Jara, yaayam tudd Kànni Taraawore. Bi mu fi nekke nag, sama ëeh, mu ñëw liggéey si fii. Dañu ko affecter woon fii comme gendarme fi la jële sama yaay nag, may na ko, waaye sama yaay, il est originaire de Mengen. Mengen Bóoy bii, elle est originaire de Mengen, mais moom, bu mu juddoo rekk, lañ ko jox bàjjenam fii ci Jolofeen mu yar ko. Bi ñu ko mayee sama pàppa nag, après ñun ñuy dem di, duñu fi nekk daal. Gendarmerie moom da ngay dem ay Kiidiraa, dem nañ fi ay Kawlag, dem nañ fi Podoor, dem nañ fi Dakaar, dem rekk ba mu décédé, teel a décédé nag. Sama magu pàppa récupérer ñu. Moom fii la sampu woon moom. Moom dafa jóge feele rekk, ñëw nekk chef de travaux fii si Ndar. Ñu koy wax Masa Jara. Moom fii la sampu. Dafa ñëw rekk sampu fii. Masa Jara, moom moo ñu yar. Moo ñu yar fii si Xor.

NAAMDAL: Sa frère bu pàppa la ?

DIARRA: Sama frère bu pàppa, grand-frère. Moom moo ñu yar. Ñu nekk ak moom depuis sama pàppa bi muy gaañu ay 68, dafa teel a dee ay 40 ans yooyu rekk. 68 la ñu yar ba ñu màgg, moo ñu, lu ñu jàng, moom la, lu ñu, commencer woon nañu jàng ba benn bi CEM2 rekk, fekk sama pàppa moom avant CEM2 moom kii na. Moom ci, moom bi ñuy def CEM2 ci moom la, bi ñuy def 6<sup>ème</sup> ba, ba ñuy pare jàng yépp sama pàppa Masa Jara moo ñu yar. Mook sama pàppa ñoo bokk ndey ak baay. Mooy magam. Moo ñu indi fii. Këram ma nga fee si kanam. Ñu nekk sous sa protection, nekk fi nekk fi ba ñu sëy. Ñu sëy, bi ñuy sëy ci biir quartier bi fii, ñenn ñi sëyi feneen. Mais man depuis bi ma sëy see ba pare, dama jóge sama kër yaay ndax sama yaay dafa, bi mu ñëwee, bàjjenam moo ko tëye, teg ko au clair. Mais bi

mu nekkee au clair, après ñun bu ñuy sëye, dañ ñibbsi fii. Dañu teel a sëy nag, ñibbsi fii Xor. Biñ fi ñibbsee depuis deux mille kii, 1990. laa ñibbsi Xor carrément. Daan naa fi ñëw nag di fi yendu, di fi nekk, di fi am ay temps di dem, mais 90 laa fi dëkk carrément. 90 laa fi dëkk. Sama sœur jumelle moom, fii la dëkkoon moom. Moom Paa bi moo ko yar ndax moom sam maam ma ko yoroon, mais sama pàppa moo ko yar. Moo ame woon yéppam daal sama soeur jumelle, sama rakku, magu pàppa bi ma kay wax. Moom, moom fii la dëkk moom carrément, mais man dama fi sëy si 90. Bi ma fi ñëwee 90, dama fi fekk sama ay goro. Fii lañ boka, fii lañ boka ñoom. Ñu ngi cosaano Xor bee. Xam naa ñoom ñépp nag dañu jóge Mali ñëw. Xawuma fu ñu jóge, mais ci Xor bee lañu dëkkoon, Xor kaabaab ? Xor fii, Xor église, foofu lañu nekkoon. Sama goro bu jigéen ak bu góor, foofu lañu ma a, foofu lañu dëkk, foofu la seen ay pàppa nekkoon, foofu la seen i maam nekkoon.

NAAMDAL: Nu ñu tuddoon ?

DIARRA: Moom, sama jëkkër mu ngu tuddoon Pélñoor Ture, mais pàppaam mu ngi tudd Auguste Ture, yaayam Rama Dumbuyaa, Suzane Doumbia, mais Rama lañ koy wax daal. Auguste, mais Baaba lañ koy wax, mais xam nga rekk bi ñu demee foofu ba mënatuñu fa nekk ak ndax religions yi moo tax daal. Nanguwuñu ñu fay julli, nanguwuñu ñu kii, après ñu daldi toxu daal. Am ñu ñibbsi fii côté bii ndax dañ leen doon tere lu bare foofu. Protestants yi ñoo fa nekkoon. Ñoo leen, ñoo leen déclarer, Duggal leen écoles foofu, ñoo leen baptiser, ñoo leen defal yépp. Mais entre temps, dem ba si kanam mënatuñ fa nekk, defe naa, moo tax ñu jël seen bagaas ñëw côté bii daal.

NAAMDAL: Ndax lan mënatuñ fa nekk ?

DIARRA: Ndax am na lu bari luñ fa doon tere.

NAAMDAL: Comme lan ?

DIARRA: yenn saa doo fa ñemee julli, yen saa doo fa ñemee def sa ay wird musulman, defe naa lu mel noonu daal moo taxoon ñu juge foofu ñëw ñibbsi côté bii. Yu mel noonu daal, si li ñu Paa yi waxoon. Waaye, dafa fekkoon ne ñoom moomuñu woon foofu, protestants yee ko moomoon, benn Paa bu ñuy wax Ngula daal moo ñëw sancsi fii, après ñoom ñu dëkksi fii. Ci biir ndox rekk lañ dëkkoon parce que fii xam nga marécage rekk la, ñu toxu ak seen ay doom ak seen ay bagaas ku nekk samp fi sa kër, mais biñ sampee ay kër nag, dañu boolooo woon rekk daal, kër kii, kër kii, kër kee mais amul woon sàkket, amul dara. Ñoom dañu nekkoon en communauté noon lañ dëkke woon daal. Paa bi nag, ëeh moom mu ngi dëkk fee si wetu jàkka

ji, sama goro foofu lañ dëkk si wetu jàkka ji. Foofu mooy suñu kër gu mag. Foofu la nekk ba deux mille ..., bi muy gaañu deux mille ..., 93 la gaañu, mais fii la nekkoon. Bi muy gaañu am na 85 ans. Sama goro bu jigéen, moom mu ngi gaañu daaw-jeeg, moom bi muy gaañu am na 102 ans ndax 1916 la juddu te daaw jéeg la gaañu fii.

NAAMDAL: Kooku nu mu tuddoon ?

DIARRA: Rama Dumuyaa ñu koy wax Suzane, Suzane Dumbuyaa ñu koy wax Rama

NAAMDAL: Lan nga xam si kooku ?

DIARRA: Kooku, Rama Dumbuyaa, mu ngi juddu Xor bee. Yaayam mu ngi tudd (...), yaayam mu ngi tudd Faatu. Pàppaam mu ngi tudd Yéri Ba, Yéri Ba Dumbuyaa la pàppaam tudd. Yaayam mu ngi tudd Faatu Sànkare. Moom, moom Xor église bii la bokk. Fa la ñu juddoo, yaayam fa la juddoo, pàppaam fa la ñu juddoo, ñoom ñépp fa la ñu juddoo. Xor église bii. Mu ngi tudd Faat Sànkare, pàppaam tudd Yéri Ba Dumbuyaa. Ñoom, fii lañ nekkoon. Péliño nag, sama borom kër nag, maamam, moom, moom jóge, moo ñëwoon fii, nekk foofu aussi ba indi fi jabaram. Jóge ba booru xawuma fan, ñii ne Côte-D'ivoire, ñii ne biir Mali la jóge, mais mu ñëw fii indi jabaram ci, temps wu services militaires daal. Mu nekk fi, mais nekk fi dëkk fi, mais dafa nekkoon gardien, kii nu mu tudd, moom nga doon vagomets, usine bi nekk Mbaxana. Moo doon yóbbu kii yi, courriers yi. Di jóge Saint-Louis di dem Mbaxana. Di jóge Saint-Louis di dem Mbaxana, moo doon yóbbu courriers yi. Amoon na temps, daa woon na yóbbu itam courriers bu jëm booru Màkka-jama. Xam naa, daf a amoon foofu benn foor xawuma lan moo fa amoon daal. Moo doon yóbbu courriers, mooy Péliyōo Ture, moom loolu moo doon mecceem, waaw. Moom, moo jur Auguste.

NAAMDAL: À part seen métiers, lan nga xam seen dund ?

DIARRA : Seen dund, ñoom daal dañ doon dun den communauté. Péliyōo moom, bi mu fi nekkee, indaale fi soxnaam. Mu nekk fi, nekk fi ba si kanam, soxna si gaañu, dafa jël doom yi dénk ko waa dëkk ba. Am ñum ko fa dénkoon daal, waa kër Mariko-marikoo yi la ko dénkoon, ñoom ñoo ko yore woon. Mariko, ñi sant Mariko, ñoom la dénkoon ay doomam. Ñoom ñoo yore woon ay doomam, ñoom ñoo si doon def yépp. Da ngay defe ne sax ñoom ñoo jur doom yi parce que jabaram bi mu nelewee, dafa jël ñetti doom yu góor la amoon, dénk leen ñi sant Mariko. Kenn ki dafa nelew, mais ñeneen ñi toog nañ fi ba màgg. Kenn ki dem na fi guerre ba dellusi, nekk alkaati, Péliyōo moom fii la nekkoon daal, lan la doon di bay, moo doon dunde kii wam. Moo doon bay fële, aah Xaar-Yàlla fii, ci wetu croisement

Bàngo côté bi nii. Fa lañ doon baye walla ñu, fa lañ doon baye ak si biir dëkk bi fii lañ doon baye. Loolu rekk lañ doon def. bay, à part loolu daal, moom loolu moo doon mecceem. Bay ak dem liggéey wàcc, ñibbsi, loolu moo doon mecceem.

NAAMDAL: Bàmbara nga teg sa bopp walla wolof ?

DIARRA : Man bàmbara laa

NAAMDAL: Bàmbara nga, est ce que yaa ngi làkk ?

DIARRA: danaa làkk tuuti

NAAMDAL: Ku la jàngal ?

DIARRA: ëeh, sama pàppa moo ñu jàngal, mais teeluñu, ba laa ñuy gimbi si jàng boobu fekk na moom mu nelew daal. Mais c'est que ñun bi ñu dekke même bi ñu, li ñu nekk gendarmerie gendarmerie, su vacances jotee dañuy ñibbi Gudiri ne dañuy beyi. Dañuy gerte, dañuy bayi foño, dañuy bayi dugub, dañuy bayi mbokk. Chaque année, en mois de juin, dañ doon jël train express dem foofu ba octobre di ñëw, ñu dellusi waat. Chaque année nag, dañ doon dem vacances. Mësuñu fi toog. Yenn saa nag, danañ jàll sax ba biir Mali, ba Ségu kii, ñu yóbbuñu ba fee wàcce ñu dem Ségu pour xool dëkk ba nan la mel. Noon la doon def daal pour ñu xam suñu ay cosaan, mais malheureusement, xam nga rekk jotul, mébétam àggul noonu daal.

NAAMDAL: Léegi li nga jot a jàng ci mbey, dëgg-dëgg kan nga ko jële ci say parents : sa maam, sa pàppa, sa yaay, sa maam bu góor, bu jigéen parce que waw ! Mais c'est extraordinaire nga am une carrière d'infirmière mais xam li nga xam si mbey ?

DIARRA: waaw ndax bay moom, fi ñu ko jëkk a jàng ? Penku lañu ko jëkk a jàng ndax suñu demee dañu doon jox ay gopp, jox ñu ay kii mbayu daal, ay dabaa lu nekk lañ ñu daan jox, suñu ñu joxee, dañuy yóbbu tool ya. Suñu ñëwee, sunuy ji, ñii dañuy bëtt, ñii def ay graine. Su kii jotee, su ileer jotee, su fekke bayaat jot na tam, dañ ñu doon jox ay ileer ñuy bayaat, daf ñu daan hëe! Yépp lan doon def daal. Maa ngi ko njëkk a jàng si sama pàppa foofu lañ ko jàng, si sama ay bàjjen foofu lañ ka jàng, fa laa njëkk jàng bay. Mais maraichage bi moom fii laa ko jàng.

NAAMDAL: Fii nga jàng maraichage ?

DIARRA: fii laa jànge maraichage, fii laa jànge maraichage, sama borom kër surtout moo ma jàngal, moo ma jàngal maraichage ndax ñoom si maraichage lañu juddu ndax ñoom dañu doon xëy nee na su suba teelee roose seen ay tool, bu demee ba ay 6h30-7h di jot, ñu daw dem dex ga nappi indi jën yi tegal seen waajur yi ba pare jël seen bagaas door a dem jàngi. Ñoom, loolu lañ doon def, bu ñu xëyee, dañuy xëy ñëw roose tool yi, soo fa amee loo fay liggéey, le soir nga koy liggéey avant timis, mais le matin, tin ! ay 4h du matin 5h lañ doon roose. Dinañ doon jël roose bi, booba temps fii amul, amul dara, fii des rekk la. Fii moom dex, fii moom dex la, fii ñoo ko sëkkal suñu bopp.

NAAMDAL: Ah wéy, noo leen defe loolu, yaw mën nga expliquer ni ngeen do defe ?

DIARRA : Ni ñuy sëkke ? waaw xam naa ko kay. Waaw, fii moom, fii diib dex la, bud ex gi doon ñëw ba fee la doon yem, fi ngeen jaar fee, foofu la doon yem. Mais bu mu, bu ñu seen kër jàkka ji moo ko, dafa am jàkka bu fa nekk. Ñu jël jàkka ji mënatuñ ka génne foofu après ñu ñëw jox leen fii. Léegi pàppaam ne ko kaay nga dëkk fii. Am na kër naan feneen mais il a préféré fi pàppaam wax mu dëkk, mu dëkksi fa. Fi pàppaam wax ko fii laa bëgg nga dëkk, mu dëkksi fa. Moo tax fii la ñëw, mu jot fi tabax ñaar, ñetti néeg daal, mais su nawet jotee, dañ doon xuus génn, da ngay, da ngay dox si ndox, su guu, su nawet jotee sunu kër yépp dañu doon fees ndox. Mais moom, usine bi dañ ko doon toj, usine des eaux bii dañ ko doon, biñ kay defaraat, si lañ jay garaawaay yi. Biñ ka jaaye, bi ñu ka jaayee, si la ko doon sëkke. Moom itam infirmier la woon, si la ko doon sëkke daal, sëkk ka bam àgg, mu jël fii ak sunu ay doole mu tabax ba ñu mën fi nëkk. Mais fii moom sëkk bi lan la moom, boobu temps, voirie ñoo doon jaay mbalit, ñoo ñu doon jay ay mbalit. Xewwi nag aa, mais boobu temps ay oto lañu amoon, ay oto camionette yu ndaw ñoo doon charger di jay mbalit bi, charge 1500. Moom si la doon jënd di ka fii parce que fii bu ñu, bu nawetee, duñu am fu ñu jaar, mu commencer sëkk buntu kër gi, sëkk jëm nii, sëkk jëm nii daal. Ne ko léegi nag, après ñu jox ko fii ñu ne ko comme ah kii nu mu tudd, devanture bu këräm la, ãavironëmãam mung koy defar, mu sëkk ka, ba mu ko sëkkee nag ak ay ban ba mu àgg.

NAAMDAL: Kon lii ban la ?

DIARRA : Waaw amoon na tuuti ban ndax ban bi nekk si yoon bi, mais lii yépp mbalit la, mbalit rekk la ko sëkke actuellement, Voirie moo ñu doon jaay, moo ñu doon jaay ay oto mbalit yi daal charge 1500 walla charge 1000. Daana ka indil ay 5 walla 6 charge. Bu amee xalis rekk jënd di tuur rekk ñuy dajale muy jalu di jalu. Bi mu demee ba mu mat, mu daldi koy maasale après ñu daldi siy def téro commencer bay.

NAAMDAL: Te loolu loo xam ne yaa ngi koy fàttaliku la ?

DIARRA: Bu baax sax ndax fii la ma fekk, xale yu góor yi ñoo doon tas mbalit bi. Xale yu góor yu mag yi, sama ñaari doom yu góor yu mag yi, ñoom rekk laa amoon, ñoom ñoo doon tas mbalit bi. Buñ ko sottee ba mu kii, ñu xaw ko maasale au moins ba pare bu ñēwee, moom mu sotti ci eau de javel pour nit ñi mēn noyyi tuuti daal ndax xam nga ay yenn saay ay boppu jēn yeek yooyu y a lu nekk xaj na fi daal. Da ngay ragal sax, mais lu nekk daal, mbalit lu nekk lay indaale, mais qu'en même, wax dēgg Yàlla mbalit moo fiy sēkk moom ba, ba muy àgg ay 1991-92, 91-92 si la ka sēkk. Bim ka sēkkee nag ba mu sēkk, ba mu sēkk ba mu def ko tool, léegi nag, mu, mu, mu, ñu commencer ko bay. Kànja laa fi njēkk a bay. C'est que ñoom nag tàmm nañ maraichage ndax ñoom Kaabaan lañ doon, fēle lañ doon bayi ēeh fēle Xaar-Yàlla lañ doon bayi mooy Kàndaa, mooy Kàndaa lañ koy wax. Protestants yi ñoo ko moom. Ñoo leen ko joxoon ñu ciy bay, mais chaque année dañ doon fay 500 f. Dañ doon jox quitus 500 Paa bi dem fayi. Waa kēr Yuusu, Yuustudti waa kii, ñi nekk fii, nu mu tuddati protestants yi nekk fii Jean Watara, waaw pàppaam, ñoom ñoo doon indi, jox Paa bi quittus boo xam ne, benn reçu, mu fay 500 ñu jox ko reçu mu denc. Ndax xam nga ñoom comme foofu lañ leen déclarer woon fépp ba dañ leen doon jēl en charge tout le temps daal. Lépp lu ñu am dañu leen si doon boole. Noonu, noonu la deme woon. Léegi nag moom, bi mu fa demee ñu def fi jardinage nag, bi ñu ko baasee fii nag, ñoom gaa amoon nañ ay jardins, ci biir kēr yépp ay jardins la woon ba laa ñuy nekk ay kēr. Di nga am benn néeg, ba sa buntu néeg day am tool waaye nag, amul woon ay sàkket, amul woon dara. Ci gànnaaw bi lañ commencer ku ne ñu délimiter daal ñu xaw fii redressement tuuti rekk, après ku nekk dēkk, ñu xam ku nekk, li nga moom. Mais kēr gu nekk, da nga amoon tool, kēr gu nekk da nga am tool. Boo xee, Paa bi moom, ay lu gēn a bari ay services d'hygiène lañ doon liggéeyi walla TP walla nekk ay maçons di dem seen aajo. Bu, bu, bu ñu wàccee, ñu nekk seen ay tool. Bu dund jotee, xay na ñoom daa nañu jēnd ceeb ak dēwlin, mais dépense bi le yépp si tool yi lay jóge. Yeneen frais yépp, si tool yi lay jóge. Am na ñoo xam ne, ñoom defuñu sax loolu. Ñoom tool yi moo ame seen lépp.

NAAMDAL: Dañ ka daan jay walla pour lu ñu Dundee la ?

DIARRA: Dañ ci dund di ci jaay. Dañ doon, dañu teel a jaay. Ñu ngi doon jay ba marché Ndar. Boobu temps marché sédéensa amul. Ba marché Ndar lañ doon jaayi. Dañu doon dox ba marché Ndar di jaayi meeri, mais xale yu góor yi ñoo leen doon yenul seen ay kii yi ba ñu sore jox leen ko ndax xale yi dañuy jàngi ñoom tam, ñu jox leen ko après ñu continuer ndax

xale yi dugg dem seen ay écoles. Mais léegi nii, nii moom, nit ñi sèkkeetuñu mbalit ndax nee na ñu du am daal. Dañ ka tere, ban lañuy sèkke. Ay charettes ñooy dem si biir dex ga fële, fee nga gis fu yaatu fee, ay charettes ñoo ñuy tibal ay ban ñëw di ñu sèkkal. Biñ ko sèkke ba hauteur 1 mètre, 2 mètres, 1mètre 50, nga jël sa ay, nga rokkos ko ay kii, nu mu tudd, paa yeek yooyu, nga teg si daal, après nga door si teg suuf, teg si térot. Door a mën a bay. Suñ tool bi, loolu lañ ko sèkke. Ban kase lañ ko sèkke. Par ay compartiments, comme amuñu woon doole, groupement la ñu woon te amuñu woon doole, dañ ko doon sèkk par ay compartiment ba mu àgg. Ndax dañu am suñu groupement boo xam ne dañ ko def union des femmes. Léegi, ñuy cotiser 100 f par mois, jigéen ñi, ñu cotisé 100f, 100f par mois. Ñu daw ak moom ba mu am presque 1 an, 1 an et demi, ñu dem si, ëeh Conseil des notables ñooñu, ñoo ñu jos terrain bii. Biñ ñu ko joxee nag, après ñu jël charrètes yi sèkk ka. Biñ njèkke sèkk, presque ay 500. 000 lañ sèkke ban, teg si suñu pailles, jënd ay suuf ak térots teg si. Ñu continuer suñu cotisation, liggéey tool bi defaat ci biiram. Lii ngay gis yépp, ban lañ ko sèkke 1m 50. Benn compartiment 300000, beneen bi 35000, noon lañ ko def, noon lañ ka def. di si def ay loolu noon. Léegi nag, kenn mënatul sèkk ak mbalit nda mbalit du fi dugg, dañ ka interdire yàgg na, bi ka municipalité waxee du fi duggati, yàgg na. léegi kii lañuy sèkke ban rekk. Ban bu fi dug, dex ga lañ koy tibbi. Buñ ko tibbee nag, bo, bo, bam taw. Bu taw bi ñëwee kenn dootul tibt. Dafay suuluwaat yépp mu mel ni kenn mësü fa laal dara. Fële lañ kay tibt ñëw indil la ko. Suñ la ka indilee, ñu koy charger di kay tuur par ay charges di ka tef ba hauteur 1mètre 1mètre 50 ça dépend ci li nga bëgg daal nu tool bi kawee ndax fii, fii kàmb la, yii kàmb la woon. Kàmb la, kàmb la. Léegi loo, kii moom, si kaw ban rekk lañu bay.

NAAMDAL: Liggéey boobu metti na ?

DIARRA : Ah mais, baax na de. Pourtant def nañ ci duñ ci kii he, he, hee, he, hee ...

NAAMDAL: Est ce que yaa ngi xalaat ne communauté bamana bi fi njèkk a ñëw, ils ont dû faire ce travail là ?

DIARRA: Non, non, non, ñoom kii lañ doon bay, si ban bi rekk lañ doon gas def ko ay rebord, di uti ay ëeh, kii, boppu jëm yeek yooyu, suul ko.

NAAMDAL: Boppu jën yi ?

DIARRA: Waaw, di uti ay boppu jën ak ay waaj kii daal. Daal, daal di ñëw gas, suul ko. Buñ ko suulee ak liñ doon bale seen ay néeg yi rekk mu nekk kii. Si ban bi lañ doon bay. Ñoom daawuñu jël yooyu. Ñoom si ban bi rekk lañ doon bay.

NAAMDAL: Ok, mais kii bi nag, sel bi nu ñuy def bee kii ko ?

DIARRA : Sel bi boo roosee mu dem. Booy aroser muy dem. Sel, li nit ñi di wax, nee nañu kii la bañ, coow la bañ aha ha ha. Ah waxu nit yi la de, waxu wolof la. Am ñoo xam ne dañu wax ne, mais en tout cas, ñun de fii yépp selle la. Suñu kër yépp sel la woon. Amoon na temps biñ fiy doog a dëkk, suñu miir yi dañ doon kii, dafa doon xotteeku di xotteeku. Mënoo peinture mënoo def dara. Chaque année, da ngee mujj a raquister defaraat, mais depuis inondation bi ba léegi, sel bi dafa wàññee ku ndax déegu sel bi fii la nekkoon, fii lañ doon tibbe sel. Ñun daañu tibt sel pendant 1 an, 2 ans duñu sax jënd sel. Mësuñu jënd sel. Mais inondation 94 bi mu fi ñewee ba léegi, si la sel jóge fii. Fii, fii ngay séen nii, sel kase la woon. Chaque année, bu demee ba noor, ba nawet bi wàcc, dañ doon jël kii, dañ doon, ñun ñépp ay uti sel. Dañuy dem, dugg ci biir déegu xorom bi, tibt xorom bi lay ka, bale ka, indi, teg suñu ay saaku saaku. Ku bëgg a jaay, jaay, ku bëgg a maye, maye, ku bëgg a rënd, rend ndax suñu assos. baa ngi nii. Bi inondation 93 ñewee, moo balayer yépp ndax amoo, ñun suñu côtes yeek sippax yi yépp suñu biir néeg yi la dëkkoon. Ñun ak ñoom a dëkkandooloon. Nii ngay sa biir néeg, sa lal, moom kay, boo wàccée si ndox nga wàcc. Waaw 94 ba 2003 nag, noonu lañu nekke woon. Chaque année ba 2003, inondation rekk lañu nekke woon. Mais depuis boobu ba léegi nag, ah sel bi wàññee ku na daal. C'est que noo puusee nee te rigole bi baare ko moo tax fêl moo gën a xor, mais côté bii moom, amatul xor, wàññee ku na.

NAAMDAL: Excellent ! On a parlé de, de la langue Bamanaa, de la culture bambara, ëh mais, dafa am yoo xam ne aussi yu am solo la parce que c'est des savoirs yoo xam ne, am na yuñ si jot a transmettre ak yu ñu jotut a transmettre. Si sa enfance, muy loo xam ne dund nga ko walla loo xam ne nettali nañ la ko cuisine yu bambara, est-ce que ça assure le kii à ce, est-ce que am na yoo xam ne ou bien, vous avez adapté carrément la cuisine wolof ou voilà ëh ?

DIARRA: Suñu ay gorook, suñu ay doomi dey ñoom Presque ñu ngi bëgg a adopter culture, cuisine bu wolof. Mais cuisine bu bambara dafa neexoon baax, sell.

NAAMDAL: Mën nga ñu décrire ral quelques plats nuñ ko defar, est-ce qu'il y a un lien avec jardinage beek yi ñuy bay ak seen iy cuisines ?

DIARRA: Waaw, amoon na tuuti lien daal. Ndax fii dañ doon bay kànja, lu gën bari, bay oignon bambara boobu. Benn oignon boo xam ne bu gàtt la, def ay taaj yu bare moom lañ doon jël dëbb ka, def ko ay bul, denc ka su ñoree. Denc ka, def ka ay bul ba mu wow di ka,

di, bu nawet ñēwee, dootuñu soxla leneen. Cuisine bu bàmbara moom dafa repoker ci loo xam ne dēwlin bokku ci, bariwul dēwlin, tigadege de, xēy na waaw, kànje, poisson séché yooyu daal moom la gën a kii ak feuilles de baobab, feuilles de baobab, daan nañ ka lekk en pagaille ak mil bii def ko too, en pagaille. Loolu lañ doon dunde. Am na benn-benn yu doon am fooño, mais biñ, biñ ñēwee fii nag bareetul ñii nëpp, peut-être le matin nit ñi, aña bi, xēy na, ñu jënd ceeb su amee, su amul nag, nga jënd dugul def ko too. Su amee nag, nga jënd def sa ñaṅkatang walla def sa ceeb ak yooyu, mais daal, lu gën bari luñ doon reere moom too la.

NAAMDAL: Mën nga ñu décrire ral too ak liñ ka defare ?

DIARRA : Too, too ñaari kii la, pâte la ak soos. Soos pâte d'arachide lay àndal ak pâte, pâte bi moom kii la, nu mu tudd bouillie de mil la. Dañuy jël marmite teg ka, bàyyi ba mu commencer bax, nga jël tuuti si kii bi, bol bi, farine bi nga laax ko si tuuti ba mu mel ni ruy. Li si des nag, yaw yaa koy liggéey parce que farine bi nga ka siy def pour mu dēgër, yaw yaa koy bakk pour mu bañ a def ay donj. Dafa amoon benn cuillère daal bu plate en bois moom lañ koy bakke. Yaa siy def di bakk, di bakk, di bakk di tourner ba, ba, ba, ba mu homogène ndax boo ko si defee noonu rekk, dafay def ay donj, doo, ko mën a lekk. Il faut que sa doole nag, nga koy bakk, di ka bakk ba mu homogène. Ba mu nekk benn pâte homogène. Léegi nag, boo koy tibb, doo ko mën a teqale parce que, il faut ngay jël cuillère bi, ēeh koog bi ngay jël. Boo jēlee, cuillère, koog bi boo koy tibb dang kay tibb ak, da nga kay duggal koog bi si ndox, tibb teg, mu nekk benn kii, benn bul. Nga raxasaat, nga duggal koog bi si ndox tibb, teg, muy beneen bul. Noonu lañ kay defe. Nga bàyyi ba mu sedd. Bu la neexe sotti si ndox mu gën a gaaw a sedd, bu la neex, mën ngaa bàyyi noonu mu sedd. Mais daañu si suttu ndox si kaw pour bu, pour bu pâte bi wowaat daal ci kaw, waaw loolu moom lool la.

NAAMDAL: Est-ce que am na yeneen plats yoo xam ne ?

DIARRA: Soos bi moom lii la, da ngay, ēeh ñun dañ doon jël kànja bi rekk dēbb ka tuuti def ka si boole feuilles de baobab dēkk ka, def ko ci ndox bi bàyyi ko mu bax. Bu ñoree, bu demee ba mu bax, ba mu commencer xonq, nga def sa poisson fumé. Mësuñu jël jën comme ni ñuy def tēmbal ka ci biir kaddiir pour togg loolu, déedét. Seen jën dañ ka doon lakk tout le temps. Muy aña, dañuy lakk jën, muy reer, dañuy lakk jën. Amul woon taalaali nii. Dañu doon lakk jën. Boo ko lakkee ba mu ñor, lakk soble bi, nga jël jën bi def ka si biir kaddiir gi, tànn sux ba mu jeex. Nga def ko si biir kaddiir gi, jël soble bi de nëpp togsi ak kaani, dafa ame kaani yu sew yuñ doon wax kaani bàmbara, kaani yu sew yi. Ñoom kaani bu dijj bi sax daawuñu ka, kaani yu sew yi lañ doon kii. Mooy yi, mu ngi fii benn mais amaguñu doom.

Kaani yu sew yi lañ doon kii. Dëbb ba mu mukk boole si, def ka ci. Bàyyi, laax ka nag ba mu ñor après nag, nga yakk nga def si sa tiir. Bu la neexee nga lekk, def ko noonu, nga def si sa gerte, bu la neexee nga lekk ko noonu. Poisson fumé, poisson séché rekk la doon am ak kii walla am na ñoo xam ne nag, bu leen neexee ñu def si yàpp. Mais léegi nag, amatul, léegi moom, suppu kànja bi moom, damay gis rekk ñu koy taalaale te xawuma loolu man, je l'ai jamais, ak di si def tammaate, xamuñu ko. Su ma ko, mënuma ko sax a lekk, sama xel dafay teey. Xamuñu ka daal, xamuñu ko penku, xamuñu ko fii. Léegi nag, cuisine wolof bi, ceebu jën lañuy togg. Ceebu yàpp, niñ koy togge noonu Yàlla xam na.

NAAMDAL: Mën nga dellusi un peu si, si baobab yi, feuilles baobab yi niñ koy genre bu parce que dafa am, dang ci am un peu expérience. Dañu am benn collègue noire américaine boo xam ne biñ, dañ fi àndoon ak ñoom. Mais biñ, dafa gis baobab yi si yenn sites yu ñu visiter bu tudd Mbàmbara, booy dugg Saint-Louis, mais dafa mel ni affaire bi dafa am lu mu def si moom ?

DIARRA: Aah feuilles de baobab bi, dañ doon dem di ko rekolteji. Boo béggee toog, bu la neexee, bu la neexee nga récolter bu tooy, bu la neexee, fekke da ngaa am bu wow itam. Mais, boo ñëwee dang koy daggat comme kuy dagg mbuum. Dang kay daggat, dang kay daggat comme kuy dagg mbuum. Am na ñoo xam ne duñ ko dagg, am na ñoo xam ne dañ koy dëbb. Bu la neexee nga dagg, bu la neexee nga dëbb. Ndax loo ci mënati def itam, bu eggee ba ci kàdd gi itam dana nooy. Dang kay dëbb nag ba mu kii, feuilles de baobab bu dañoon ba laa nawet, bu, ba laa ngay, day am période boo xam ne dafay kii, dafay rare moo tax dañ doon jënd lu bare ñëw, dindi ci bare ñëw daggat, weer. Boo ko weeree ba mu wow, nga def si sa saaku teg, soo béggee, da ngay tibt rekk. Noon lañ ka daan def. Feuilles de baobab moom, da ngay dindi rekk dëbb ba mu mukk, def ka ci biir kii bi, kàddir gi, nga jekki, boole sa, sa kii, moom lañuy wax. Moom la Silabrou.

NAAMDAL: Sila ?

DIARRA: Silabrou

NAAMDAL: Silabrou

DIARRA: ah ha, haa

NAAMDAL: Qu'est-ce que ça voulait dire, lan mooy, si say souvenir ak , li nga dund être une fille bamada à Saint-Louis, une ville coloniale, mais aussi où il y a une forte communauté

wolof. Etre bamanaa, grandir comme une fille bamanaa, bàmbara, ^particulièrement à Saint-Louis. Est-ce que am loo ñu ... ?

DIARRA: Man, en tant que, man, man, sama bopp laa xam ak benn, benn. Dañu bëgg a conserver suñu culture. Lu bare dem na si de, mais am na loo xam ne ba tay ñung kay wax suñu ay doom. Suñu culture, dañ ka bëgg a conserver, par exemple ëeh nit ki boo juddoo daal, mag ñi da nga leen a war a respecter moom. Ñun fii, fii, mag yi bu ñu waxee bat ay man mii, bu sama mag yi waxee, du ma wax. Bu dee dëgg, bu dul dëgg, aah ñoom ñooy jël kii, parents yi daal, bu ñu waxee, yaw dootuloo wax. Be léegi nii, moom moo fi am. Am na benn, nit ñi nag, ñu ng idem nag, mais am yen famille yoo xam ne, bat ay duñu làkk wolof de. Am na ñaari familles yoo xam ne, ba tay, kër Baay Saalihi boobu, ba tay bàmbara rekk lañuy làkk ak Boori côté bee, bàmbara kese lañuy làkk. Ñun nag, liñ teel a dëgg bàmbara, sama yaay pël la, bu ñu doon wax tuuti rekk, sama maam ne xanaa gan daf fi ñëw, dootoo nangu wax wolof, pël rekk ngay làkk. Daf ñuy, dañu ko doon tere, interdire ñu ñu teel a làkk wolof moom. Suñu kër, léegi lañ dëgg, mais dañ ñu interdit. Am na samay cousines, seen ay doom sax dëggũu sax wolof ba léegi. C'est que, loolu mu ngi fi daal, liggéey aussi, da ngay liggéey seen kër. Il faut que nga ñeme liggéey, il faut que nga ñeme liggéey parce que da nga war a sëyi. Ñoom, defe naa lool lañu jiital daal. Da nga war a sëyi. Fii, ay xale yu ndaw lañuy maye, ay xale yu ndaw lañuy maye ba tay daañu maye ñu ndaw, daañu maye ñu. Mais, am na lu gën a bare, duñu am lu ëpp 18 ans dana fekk sax ñu bare ñu maye leen, am ñoo xam ne dana passer loolu, mais bare na daal ñu fiiy gis ñu fiiy sëy avant 18 ans ñu ngi sëy ba léegi, ba léegi daal.

NAAMDAL: Léegi, peut-être, lii mooy doon dernière question bi, dama bëgg nag mu gën a jege sa profession infirmière. Xam nañ ne aussi, bi ñuy ñëw, am na yeneen xam-xam yu ñu yoroon ci plantes yi du yoo xam ne dañ siy dund kese, dañ siy faju

DIARRA: Dañ siy faju kay

NAAMDAL: Waaw, donc yaw, en tant que infirmière di dund si cadre boo xam ne di nga leen di gis ñuy dem di kii, di faje en utilisant les feuilles, les racines, léegi, loolu, est-ce que am na si loo ñu si mën a wax ?

DIARRA: Feuilles ak racines yi baax na, mais, bañuma de, mais nañ si def ndànk daal ndax xam nga man, dama nekkoon médecine te damay gis yenn saa aha traitement traditionnel, surtout si ay feuilles ak racines li muy def si nit yenn saa. Da fay, yenn saa yenn complications hépatite walla reinale. Am nañ ci du benn du ñaar. Ay pël yu jóge fële walla kii

jóge fële, nga gis ko, mu ngi def igpee ba xamoo nu mu toll. Boo demee ba ci biir, biir nga xam ne kii, dafa, ay, ay raasin na ko ko jox walla mu indi fi benn insuffisance reinale boo xam ne, da ngay xam kii, xëy na, affaire bi sax, garaawul woon noonu, mais traitement raasin yi mu si duggal, moom mo, moom moo ko compliquer. Moo tax, il faut faire très attention. Bañuma ka de, mais fii moom dañu, alaykuma salaam, dañu, dañu, ñu ngi fajoo raasin ba léegi ak feuilles. Chaque soir, doo xëy matin walla mat, nga gis ku ñëwul di dagg ay feuilles. Boole karasol, boole yeneen yépp dañuy faju daal. Temps yii, ñung ñuy laaj ay feuilles yu bare, surtout si covid bi bi mu ñëwee ba léegi, liñ ñu laaj ci feuilles beneen bi, nu mu tudd, banta-maare ak raasinam, xamoo nu mu toll. Ba Dakaar, feuilles bao, feuilles karasol moom, waa Dakaar ay saaku saaku lañ nu siy ñaan. Ñoom ñoo xam nuñ koy def, mais daal, il faut faire très attention. Baax na de, waxuma bon na de, mais il faut faire très attention si dosage bi ndax xam nga, nga jël loo xam ne xamoo, xamoo, ë ëh principe actif bi nan la, lan lay def si yaw, nga def si ndànk moom moo gën daal.

NAAMDAL: Mais mag yi dañ doonfaju loolu.

DIARRA: Mag yi dañ doon faju ci loolu. Mag yi dañ doon faju. Xëy na, am na loo xam ne am nañ si seen xam-xam, mais léegi, dafa yeneen xam-xam yu duggsi fii, yu bokkul ak yi fi mag yi bàyyi woon. Peut-être mag yi buñ doon jël, dañ doon jël sang la ci walla defal la tuuti nga guux, mais dafa am ñeneen, xam-xam yu jóge feneen ñëw di la ne: boo jëlee juróom-ñaari xob ak booleek nàngam, nàngam. Booleek kii ak yii, boo boolee lii ak lii nga defar ko. Mais, loolu yépp décoquation boobu, dang koy xalaat. Soo deful médecine nag, sa yoon nekku si, da ngay naan rekk. Mais, boo defee médecine, da ngay xalaat tuuti, tuuti, tuuti. Am na ay, organisme lu ciy dugg, lu leer la war a doon.

NAAMDAL: Ñoong lay sant di la gërëm, je crois que on peut s'arrêter là. Merci vraiment, jërëjër, vraiment

DIARRA: Ñoo ko bokk.